



Akò pou *Pay It Off*  
(Haitian Creole)

RETOUNEN AKÒ KI SIYEN AN BAY:  
OCSS – Pay It Off  
PO Box 830, Canal St. Station  
New York, NY 10013

Dat:  
Nimewo Idantifikasyon Dosye a:  
Paran ki p ap Viv avèk Timoun:  
Metete nimewo telefòn/imel:

Akò sa a se ant oumenm, \_\_\_\_\_, ak Biwo Sèvis Sipò Timoun Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration's Office of Child Support Services) nan Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Akò sa a rekonèt entansyon w pou patisipe ak volonte w nan pwogram *Peye Balans (Pay it Off)* NYC DSS la. Kòm yon patisipan, ou dakò pou peye montan sipò aktyèl w lan, si genyen, ak 500 dola oswa plis pou aryere sipò timoun ou an, ou dwe NYC DSS yon fason ki pèmanan, ant 17 oktòb ak 31 oktòb 2022. Aryere NYC DSS ou yo soti nan yon lòd sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Eta New York ak/oswa Tribinal Siprèm nan yo mete an plas nan Inite Kolèk Sipò Timoun nan.

NYC DSS ap aksepte peman ki fèt nan lapòs, telefòn, anliy oswa sou entènèt. Pou nenpòt peman yo pa preleve sou chèk ou te resevwa ant 17 oktòb 2022 ak 31 oktòb 2022 atravè chèk sètifye oswa pèsònèl, chèk postal, kat kredi oswa kat debi Visa/MasterCard pou aryere NYC DSS ou yo, pou yon total 500.00 dola oswa plis, NYC DSS pral:

- Itilize lajan ki la pou *Pay It Off* la pou peye montan total ki pi resan pou obligasyon òdonans tribinal la mande pou w peye kounye a, sa ou dwe pou mwa Oktòb la, si ou poko fè sa. Nou p ap fè montan ou pran pou peye sipò a koresponn. Si rès la pa depase 500 dola, li p ap koresponn dapre kritè *Pay It Off*.
- Aplike montan peman ki rete a (minimòm 500 dola) pou kont sipò timoun ou an epi fè li koresponn ak dola pou dola (jiska montan ou dwe a) pou diminye montan ou dwe NYC DSS;
- Si li aplikab, diminye dèt sipò timoun NYC DSS ba ou a yon fason pèmanan an jiska yon lòt mil (1,000 dola) anplis, paske ou te enskri tou nan *Pwogram Kredi Aryere a.*; ak
- Si sa aplikab, elimine enterè jijman lajan ou dwe NYC DSS la paske ou te peye tout manman lajan an. N ap di w alekri konbyen enterè nou te retire.

Mwen dakò NYC DSS kapab aplike nenpòt peman anplis pou peye dèt DSS la sou lòt kont sipò timoun mwen ka genyen.

Dokiman sa a gen ladan tout Akò a ant moun ki konsène yo epi nou ka pa ni modifye l, ni amande l oswa ni anile li, sof alekri epi avèk siyati moun ki konsène yo oswa sou non yo.

Nou p ap mete atravè *Pay It Off* yon montan lajan ki egal ak peman nou kolekte atravè yon konfiskasyon (li gen ladan l konfiskasyon chèk travay ak asirans pou chomaj), sezi, taks ki entèsepte, oswa lòt zouti aplikasyon. Peman ki fèt selon akò sa a pa pral retire okenn manda eksepsyonèl poukont yo. Se sèlman yon tribinal ki ka retire yon manda.

Lè ou siyen Akò sa a, ou konprann obligasyon ou aksepte yo epi pou NYC DSS verifye idantite w.

Akò yo dwe gen yon foto oswa kopi yon kat idantifikasyon valab leta te bay.

Paran ki p ap Viv avèk timoun nan

Reprezantan Otorize NYC DSS

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal oswa andikap? Èske kondisyon sa lakòz li difisil pou w konprann avi sa a oswa fè sa avi sa a mande? Èske kondisyon sa a lakòz li difisil pou w jwenn lòt sèvis nan HRA? Nou kapab ede ou. Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab al nan yon biwo HRA pou w mande èd tou. Ou gen dwa pou ou mande kalite èd sa a dapre lalwa.